



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO REVELE AJANDA 2018 POU FANM NAN NEW YORK: DWA  
EGAL EGO, OPÒTINITE EGAL EGO**

*Li Pibliye Rapò sou Kondisyon Fanm ak Ti Fi nan New York: Pèspektiv  
2018 – Ajanda 30 Etap la Disponib [Isit la](#)*

***Pwopozisyon Kle sa yo pral Konbat Asèlman Seksyèl nan Espas Travay la, Asire  
Fanm Jwenn Kontrasepsyon, Retire Zam nan men Moun ki fè Abi Domestik,  
Ogmante Finansman pou Swen Timoun, e Ankadre Avansman  
Fanm nan Espas Travay la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te revele Ajanda 2018 pou Fanm nan New York: Dwa Egal Ego, Opòtinite Egal Ego (2018 Women's Agenda for New York: Equal Rights, Equal Opportunity), epi li pibliye Rapò sou Kondisyon Fanm ak Ti Fi nan New York: Pèspektiv 2018 (Report on the Status of New York Women and Girls: 2018 Outlook). Avèk 30 pwopozisyon, Ajanda a pral bat pou l pouse egalite e pou ankouraje opòtinite onivo sante, sekirite, espas travay, ak lavi an famiy tout fanm ak ti fi. Manm administrasyon Gouvènè Cuomo an te pase toupatou nan Eta a pou tandè enkyetid fanm New York yo. Rapò konplè sou Kondisyon Fanm ak Ti Fi nan New York: Pèspektiv 2018 bay ki fidbak, pawòl ak opinyon fanm nan tout eta a te bay, epi li disponib [isit la](#).

“Soti depi alanesans mouvman dwa fanm yo nan Seneca Falls pou rive nan règleman sou Konje Peye pou Lafanmi (Paid Family Leave) ki pi konplè nan nasyon an, New York kontinye alatèt nasyon an pou defann dwa fanm yo epi kraze baryè ki genyen nan zafè egalite”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “An 2018, nou pral apiye sou pwogrè sa a epi kontinye pouse pou egalite nan tout domèn lavi an. Gouvènman federal la ap chèche retire dwa nan men fanm yo; nou menm, nan Eta New York, n ap avanse sou chimen lavni avèk yon seri pwopozisyon plen kouraj pou kreye opòtinite pou fanm yo reyisi a tout nivo: travay, sante, sekirite, edikasyon ak lavi an famiy.”

**Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), di konsa**, “Mwen konnen kijan eleksyon 2016 yo te demoralizan pou anpil nan nou. Sepandan, de plizyè fason, li te lakòz nou leve kanpe. Li te ede nou jwenn lapawòl, epi mete gason ak fanm sou nou. E onon manman nou ak grann nou, ki te pran devan, e onon pitit fi nou yo ak ti nyès mwen yo ki gen tou pa yo dèyè, mwen pwomèt nou tout sa a: nou p ap rate okazyon sa

a. Nou gen yon obligasyon anvè tèt pa nou e anvè yo. Nou pral fè chanjman moman sa a mande: onivo politik, an pratik, nan espas travay la, e toupatou nan sosyete an. Avèk mo e avèk aksyon. Si ane pase an te yon règleman d kont, ane sa a se yon batay. E nan batay sa a, se New York k ap mennen”.

**Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Prezidan Komisyon Dwa Vòt Fanm (Women’s Suffrage Commission) Eta New York yo, te di,** “Eta New York pran sa oserye: nou vle chanje yon kilti ki pèmèt sèksism ak vyolans kont fanm. Antanke kote mouvman dwa fanm yo te kòmanse, New York fèk selebre santènè dwa fanm yo pou vote, e n ap pwofite moman sa a pou nou montre ki vizyon nou genyen pou yon mond kote lavi ak potansyèl fanm ak gason gen menm valè”.

**Senatè Catharine M. Young, Anbasadè Lejislatif Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi, te di konsa,** “Se yon onè pou mwen travay avèk fanm Konsèy la, paske yo gen kouraj ak prensip, ansanm ak yon devouman ekstròdinè. Nou pran ka defi fanm konfwonte toulèjou atravè kominote nan eta sa a. Lè n ap fè diskisyon, nou prezante divès opinyon ak lide sou fason ki pi bon pou jwenn egalite ak opòtinite ke nou tout vle pou fanm ak tifi yo, toupatou nan New York. Ajanda 2018 pou Opòtinite pou Fanm nan, ke Gouvènè an te revele jodi a, reflekte angajman nou tout pran anvè ideyal sa yo, ak nouvo lide pou apiye sou dosye istorik New York genyen nan zafè batay pou dwa fanm yo nan eta sa a e nan nasyon an”.

**Manm Asanble an, Crystal D. Peoples-Stokes, Anbasadè Lejislatif Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi, te di,** “Tout moun merite yon chans pou reyalize rèv ameriken an, e Gouvènè Cuomo montre devouman li pou reyalize pwomès sa a pou tout fanm ak ti fi k ap travay di nan New York. Lè nou aplike ajanda sa a, ki kouvri tout bagay, pou asire tout fanm gen opòtinite pou jwenn yon edikasyon, jwenn yon djòb desan epi mennen yon bon kalite devi - New York ap trase yon egzanp pou tout rès nasyon an e pou tout mond lan, sou vrè valè tout sitwayen nan eta sa a.”

Gen plizyè règleman ak lwa Gouvènè Cuomo te deja mete sou pye pou pouse egalite ak opòtinite pou fanm; yo pral antre ann aplikasyon nan ane 2018, e sa gen ladan Konje Peye pou Lafanmi, yon salè minimòm ki pi wo, ak règleman pou pwoteje dwa pou jwenn kontrasepsyon, kèlkeswa sa ki rive onivo federal.

Pwopozisyon Diskou Eta Leta a pou Ajanda pou Fanm yo, kouvri kategori sa yo:

- Sante
- Sekirite
- Espas Travay
- Ti Fi
- Fanmi

### **Sante**

**Adopte Lwa sou Kouvèti Kontraseptif Konplè an (Comprehensive Contraceptive Coverage Act):** Gouvènè Cuomo pral pouse yon lejislasyon pou kodifye aksè a kontrasepsyon nan Lwa Eta New York lan, e sa gen ladan kontrasepsyon ijans; se pou sa l ap adopte Lwa sou Kouvèti Kontraseptif Konplè an.

**Kodifye Roe V. Wade nan Lwa ak Konstitisyon Eta a:** Ane sa Gouvènè a pral yon lòt fwa ankò mande adopsyon pwojè Lwa a pou asire dwa fanm yo pou yo kapab pran desizyon swen sante pèsònèl pou pwoteje sante yo an plis de lavi yo, pou kapab asire ke pwofesyonèl swen sante yo kapab bay sèvis krisyal sa yo san laperèz sanksyon kriminel. Gouvènè a pral kontinye defann tou yon amandman konstitisyonèl pou kapab kodifye pwoteksyon sa yo nan konstitisyon eta a.

**Fè li pi Fasil pou Jwenn Sèvis IVF ak Prezèvasyon Fètilite:** Gouvènè Cuomo mande Sipè-entandan Sèvis Finansye yo pou evalye apwòch ki pi bon pou enkòpore asirans pou fegondasyon "in vitro" nan manda enfètilite New York la, epi pou mete lwa New York ajou pou asire moun jwenn sèvis prezèvasyon fètilite lè sa apwopriye.

**Lanse Efò ant Plizyè Ajans pou Konbat Depresyon Matènèl:** Pou ranfòse e kore kapasite pwofesyonèl lasante New York genyen pou pran swen manman ki fè depresyon matènèl, Gouvènè Cuomo ap aplike yon estrateji agresif pou asire ke tout nouvo manman kapab fè tès depistaj e jwenn tretman.

**Mete sou Pye Konsèy Revizyon Mòtalite Matènèl la (Maternal Mortality Review Board) pou Sove Lavi:** Gouvènè an ap lanse yon Konsèy ki pral aplike yon analiz miltidisciplinè depwent pou egzamine tout desè matènèl nan Eta New York, epi pou fè rekòmandasyon pou amelyore swen ak jesyon.

**Ajoute Ekspè nan domèn Sante Fanm ak Inegalite onivo Lasante osen Komisyon Medsin Leta a (Sate Board of Medicine):** Gouvènè an ap pwopoze lejislasyon pou mande pou youn nan doktè Komisyon Medsin Leta a se yon ekspè sou sante fanm, e pou youn nan doktè yo se yon ekspè sou inegalite onivo lasante.

## **Sekirite**

**Pase Amanman Dwa Egal Ego an:** Prèske yon syèk apre yo te pwopoze li, Eta New York toujou poko pase Amanman Dwa Egal Ego an pou pwoteje moun kont diskriminasyon sou baz sèks nan konstitisyon Eta nou an. Pou korije erè sa a k ap fèt depi plizyè deseni, Gouvènè Cuomo pral pouse pou yo pase Amanman Dwa Egal Ego an pou ajoute sèks kòm yon klas pwoteje.

**Retire Tout Zam a fe nan Men Agresè Domestik yo:** Pou asire ke pa gen ankenn agresè domestik ki kapab jwenn zam, Gouvènè Cuomo pral pwopoze lejislasyon pou mete ajou lis ofans yo entèdi yo, e lis sa a ap gen ladan deli minè sou fòm vyolans domestik, ki prezantman pa fè pati lalwa, yon bagay ki trè chokan.

**Mete yon Bout nan Eksplwatasyon Seksyèl ak Pònografi Revanj yo:** Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon apwòch ki gen de branch, ki pral kriminalize divilgasyon oswa menas pou divilge imaj oswa videyo ki konpwometan onivo seksyèl yo, ki gen entansyon koze domaj materyèl pou sante mantal ak emosyonèl viktim lan, oswa fòse viktim lan poze kèk aksyon seksyèl; epitou fòse yon moun ekspoze tèt li oswa angaje nan kondwit seksyèl lè yo menase fè mal a sante, sekirite, biznis, karyè, kondisyon finansye, repitasyon oswa relasyon pèsònèl viktim lan.

**Pwolonje Prezèvasyon Twous Mediko-Legal pou Kadèjak nan Lopital yo:** Gouvènè Cuomo ap pouse nouvo lejislasyon pou pwolonje tan yo prezève twous mediko-legal pou sèvi kòm evidans nan ka yon ofans seksyèl, pou li pase de 30 jou a omwen senkan, oswa lè viktim lan vin gen 19 an.

**Lejislasyon an pral Etann Pwoteksyon Lwa Dwa Imen yo nan Tout Lekòl Piblik Atravè Tout Eta:** New York gen distenksyon fyè pou l premye eta nan peyi a ki adopte yon lwa sou dwa imen ki bay chak sitwayen “yon opòtinite egal pou pwofite yon lavi konplè epi pwodiktif.” Sepandan, prezantman, lalwa pa pwoteje elèv lekòl piblik yo, akòz yon desizyon tribinal la. Gouvènè Cuomo pral pouse lejislasyon pou amande Lwa Dwa Imen an pwoteje tout elèv lekòl piblik yo kont diskriminasyon. Tout elèv nan Eta New York dwe gen dwa pou yo jwenn edikasyon gratis san diskriminasyon.

### **Espas Travay**

**Konbat a Sèlman Seksyèl nan Travay:** Gouvènè an pwopoze yon kalandriye ki gen divès branch ki vize asèlman seksyèl nan espas travay yo. Gouvènè Cuomo pral pouse lejislasyon pou anpeche yo itilize lajan kontribiyab yo pou peye domaj ak enterè an rapò avèk atak seksyèl oswa asèlman, epi pou asire ke anplwaye endividyèl yo responsab; pwopoze yon règleman inifòm nan politik asèlman seksyèl ki obligatwa pou tout branch Eta a onivo gouvènman, ajans ak otorite yo; epi pwopoze lejislasyon ki entèdi akò konfidansyalite an rapò avèk atak oswa asèlman seksyèl pou tout antite piblik ak branch gouvènman yo – onivo Eta e onivo lokal - sof si viktim nan esplike klèman se sa li pito.

**Mande Fon Retrèt Komen Eta New York lan pou Envesti nan Konpayi yo ki gen Lidèchip Fanm ak Minorite yo:** Gouvènè Cuomo pral mande Fon Retrèt Komen New York lan pou li invest nan konpayi ki gen reprezantasyon minorite ak fanm ki adekwat yo nan jesyon yo ak nan komite direktè yo. Gouvènè an pral travay ansanm ak Kontwolè DiNapoli pou mete an plas pwosesis ak estanda yo pou kapab sistematikman invest nan konpayi yo ki invest nan lidèchip fanm ak minorite yo.

**Retounen Otorize Pwojè Lwa Pwogram MWBE a epi Elaji Pwogram MWBE an nan Tout Kontra ke Eta a Finanse yo:** Gouvènè an pral pouse lejislasyon ki pral chèche re-otorizasyon Pwogram Antrepriz Komèsyal pou Minorite ak Fanm (Minority and Women-owned Business Enterprise, MWBE) Eta a, ki pral ekspire ane sa a, e ogmante patisipasyon antrepriz ki pou minorite ak fanm nan tout nivo kontra avèk Eta a—e pou kontraktè prensipal, e pou sou-kontraktè, epi pwopoze lejislasyon pandan sesyon 2017 la ki pral elaji Pwogram MWBE an pou sa gen plis kontra ki jwenn finansman konplè nan men Eta a.

**Mete sou pye Bous d Etid “Women Lead Fellowship” pou Fanm nan Gouvènman:** Pou rekrite plis fanm ki plen talan pou travay nan nivo ki pi wo nan gouvènman Eta New York, Gouvènè an pwopoze pou yo kreye nouvo bousdetid “Women Lead Fellowship” la. Dis nouvo respityandè pral travay nan yon tèt ansanm ak kèk nan pi gwo fonksyonè anchèf fanm osen branch egzekitif la.

**Sispann Inegalite Salè ant De Sèks yo:** Nan lane 2017, Gouvènè Cuomo te mande Depatman Travay (Department of Labor, DOL) pou kòmanse yon etid sou inegalite ki genyen onivo salè pou idantifye kòz prensipal inegalite salè ant de sèks yo—epitou

strateji pou fini ak sa. Pou revwa kòz, etandi ak enpak ekonomik inegalite ki genyen onivo salè ant de sèks yo nan Eta New York, DOL te òganize odyans ak diskisyon pou moun ki te enterese atravè Eta a, epi yo te mande temwayaj nan men divès ekspè akademik, gwoup fanm, travayè, pwopriyetè biznis ak piblik la. An 2018, DOL pral revele rezilta analiz yo, epitou yon seri konplè rekòmandasyon onivo règleman pou ede ajiste inegalite an.

**Ankadre Fanm k ap Retounen oswa Avanse osen Fòs Travay la:** Nan kad yon nouvo Fon pou Lavni (“Fund for the Future”), Gouvènè Cuomo ap pouswiv yon nouvo Inisyativ Emansipasyon Ekonomik Fanm (Women’s Economic Empowerment Initiative) pou ankadre fwaye ki gen fanm alatèt yo, e ofri sèvis fòmasyon ak plasman pou djòb ansanm ak bourad pou fanm ki bezwen vin endepandan onivo ekonomik.

**Emansipe Biznis ki gen Fanm alatèt yo grasa Etap pou Sispann Inegalite onivo Finansman:** Sou demann Gouvènè an, Fon Kapital pou Kapital Risk (“Innovation Venture Capital Fund”) Eta New York la pral tabli yon objektif pou investi 20 milyon dola pou ankadre fanm k ap agrandi e balanse biznis yo.

**Etabli Eta New York kòm yon Anplwayè Modèl pou Paran k ap Travay:** Gouvènè Cuomo rekonèt ke yon mendèv alimaj 21yèm syèk lan egzije yon espas travay alimaj 21yèm syèk lan; se pou sa li pral pase a l aksyon ankò pou etabli Eta New York kòm pi bon anplwayè pou paran k ap travay; sa gen ladan bay yon memo pou mande ogmante itilizasyon lè travay fleksib, louvri pyès pèmanan e prive pou fanm k ap bay timoun tete, epi deziyen espas pakin priyorite pou fanm ansent nan tout bilding OGS ki gen pakin yo asiyen bay moun.

## **Ti Fi**

**Pou Sispann Inegalite onivo Sèks, Bay Elèv ki Pi Piti yo Aksè a Syans avèk Enjenyeri Enfòmatrik:** Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral lanse Pwogram Syans Enfòmatrik “Smart Start” la, pi gwo investisman eta New York pral fè pou ofri pi plis edikasyon bòn kalite nan domèn syans enfòmatrik, e kreye estanda modèl nan domèn syans enfòmatrik.

**Lanse “Si W ka Imajine li, ou ka Kreye li” (“If You Can See It You Can Be It”), Yon Jounen pou Ti Fi wè Kisa ki Posib:** Nan kad “Mennen Pitit Fi Nou yo Nan Travay” (“Take Our Daughters to Work Day”), ki te kòmanse nan New York gen 25 ane de sa, Eta New York ap amelyore pwogram entèn li e met tèt ansanm avèk gwo konpayi New York pou bay plis ti fi opòtinite pou suiv lidè fanm nan domèn ki “pa tradisyonèl.” Eta a pral travay tou pou konekte jèn ki san kay, jèn nan mezon adoptif, ak jèn moun ki soti nan zòn ki defavorize, avèk pwogram kote yo abite a.

**Kontinye Pwogram Ankadreman Asiksè Eta New York la (New York State Mentoring Program):** Gouvènè Cuomo rekonèt enpòtans wòl yon adilt jwe nan lavi yon timoun li ankadre; kidonk li relanse pwogram Ankadreman Eta New York ane 2015 la. Nan lane 1984, sou demann mari li, Gouvènè Mario Cuomo, Madam Matilda Raffa Cuomo te kreye epi aplike Pwogram Ankadreman Eta New York, premye pwogram ankadreman san parèy, ki te pèmèt tèt-a-tèt nan lekòl yo, pou anpeche timoun

abandone lekòl. Jodi a, pwogram Ankadreman Eta New York la sèvi 1,766 elèv nan 97 sit ki chita nan lekòl atravè Eta New York.

**Kreye Modil Aprantisaj “Be Aware-Be Informed” pou Emansipe Jèn Moun pou yo Fòm Relasyon Sen:** Gouvènè Cuomo pwopoze pou Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) ak Depatman Sante (Department of Health) Kowòdone pou kreye yon modil aprantisaj K-12 sou relasyon ki sen. Kourikoulòm sa a ap gen ladan menm definisyon konsantman ki nan lwa asiksè “Ase se Ase” (Enough is Enough) pou ankouraje yon menm konpreyansyon pou tout elèv yo.

**Asire Aksè a Pwodwi pou Règ nan Lekòl Leta yo:** Gouvènè Cuomo ap pwopoze lejislasyon ki mande distrik lekòl yo pou yo bay pwodui pou règ gratis, nan twalèt yo, pou ti fi nan 6yèm ane rive 12yèm ane. Etap enpòtan sa a pral fè Eta New York tounen yon lidè nan pran ka pwoblèm inegalite ak enfami, asire ke pa gen okenn ti fi ki gen pwoblèm aprantisaj poutèt li pa ka jwenn pwodwi byoloji li egzije pou l genyen.

## **Fanmi**

**Investi 25 Milyon dola pou Ogmante Pwogram Vital Preskolè e Apre Lekòl:** Pou kapab respekte pwomès lekòl preskolè inivèsèl lan, epi retire chay swen pou timoun yo sou do fanmi k ap travay, Gouvènè Cuomo pral investi 15 milyon dola pou kontinye agrandi lekòl preskolè inivèsèl pou elèv defavorize nan eta a, sa k ap kreye 3,000 nouvo plas. Pou asire ke plis elèv posib gen yon kote ki san danje epi ki ankadre yo, pou yo ale apre lekòl, Eta a pral lanse yon lòt tou 10 milyon dola sibvansyon “Empire State” pou Apre Lekòl (“Empire State After-School Grants”) pou kreye 6,250 nouvo plas nan zòn defavorize yo – sitou kominote ki gen gwo pousantaj sanzabri.

## **Ogmante Finansman Eta a bay Fanmi k ap Travay, Gras a Swen Timoun**

**Abòdab:** Sibvansyon pou swen timoun ede paran yo, ak moun k ap pran swen timoun yo, peye pou kèk oswa tout depans pou swen timoun. Fanmi yo kalifye pou asistans finansye si yo reponn a kritè sou revni ba Eta a, epi yo bezwen gadri pou al travay, pou chèche travay, oswa pou patisipe nan fòmasyon travay. Ane sa a, Gouvènè Cuomo ap ogmante sipò Eta a bay pou sibvansyon swen pou timoun de 7 milyon dola pi wo pase nivo finansman bidjè Ane Fiskal 2018; l ap restore diminisyon ki fèt resaman e mentni yon nivo finansman san parèy.

**Kontinye Ogmantasyon Kredi Fiskal pou Timoun Klas Mwayèn nan:** An 2017, Gouvènè Cuomo te kreye Ogmantasyon Kredi Fiskal pou Timoun Klas Mwayèn (Enhanced Middle Class Child Care Tax Credit) pou diminye depans swen pou timoun pou fanmi k ap travay yo. Ekspansyon sa a plis pase double benefis pou 200,000 fanmi. Ane sa a, Gouvènè Cuomo ap kontinye avèk Ogmantasyon Kredi Fiskal pou Timoun, pou fanmi k ap travay, pou kontinye elimine depans pou fanmi yo epi pou sipòte bezwen paran k ap travay yo.

**Etabli Fòs Entèkansyon pou Disponibilite Swen pou Timoun yo (Child Care Availability Taskforce):** Pou kapab ajoute sou investisman eta yo nan swen pou timoun yo ak devlopman swen pou timoun ki sekirize, aksesib, epi a pri abòdab, Gouvènè an ap etabli yon nouvo Fòs Entèkansyon pou Disponibilite Swen pou Timoun yo. Fòs entèkansyon sa, ki pral enkli reprezantan ki soti nan kominote founisè swen pou

timoun yo, kominote defans lan, reprezantan nan kominote biznis lan, sendika ki reprezante founisè swen pou timoun yo, reprezantan ki soti nan divès ajans eta yo ak depatman sèvis sosyal lokal yo, li pral responsab pou egzamine aksè a swen pou timoun ki abòdab yo; disponibilite swen pou timoun pou sila yo ki gen orè travay ki pa tradisyonèl yo, chanjman regilatwa ak jiridik yo ki ta kapab pwomouvwa oswa ranfòse aksè a swen pou timoun yo; rekonpans pou biznis yo pou ogmante aksè a swen pou timoun yo; ak enpak sou dediksyon ak kredi enpo ki an rapò ak swen pou timoun yo.

**Asire Aksè Egal Ego a Estasyon pou Chanje Kouchèt nan Estasyon Twalèt Piblik**

**yo:** Gouvènè Cuomo pwopoze pou chanje Kòd Bilding Inifòm New York lan pou mande tout nouvo bilding, oswa bilding ki byen renove avèk twalèt piblik ki aksesib, pou bay tab pou moun chanje kouchèt, e pou tab sa yo san danje e konfòme yo. Tab pou chanje kouchèt yo ap disponib pou gason ak fanm, e dwe gen omwen yon tab pou chanje kouchèt ki aksesib a tou de sèks yo nan chak etaj ki aksesib pou piblik la.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418